



# Lis Eitati Anons Lekol WCPS Yo pou Tout Res Ane Lekol 2020-2021

## Enstriksyon Vityel, Biling yo Ouvri

Elèv yo gen enstriksyon vityèl, ki kòmanse alè. Gade nan Google salklas elèv la pou chak klas pou lyen Zoom ki apwopriye epi swiv orè abityèl elèv la. Pakèt manje yo ap disponib nan lekòl yo. Anplwaye yo ap kòmanse travay alè. Biling yo louvri men anplwaye yo ka travay adistans, avèk apwobasyon annavans nan men direktè lekòl la oswa sipèvizè a.

## Enstriksyon Vityel, Ofis Santral/Ofis Lekol yo Ouvri

Elèv/anplwaye ak ansèyman lekòl la ap gen enstriksyon vityèl, ki ap kòmanse alè. Gade nan Google salklas elèv la pou chak klas pou lyen Zoom ki apwopriye, swiv orè abityèl elèv la. Pa gen pakèt manje. Biwo Santral/anplwaye biwo lekòl yo ka rapòte travay si bon jan kondisyon pèmèt yo. Anplwaye yo ka travay adistans, avèk apwobasyon annavans nan men direktè lekòl la oswa sipèvizè a.

## Enstriksyon Vityel, Biling yo Femen

Elèv/pwofesè yo ap gen enstriksyon vityèl, ki ap kòmanse alè. Gade nan Google salklas elèv la pou lyen Zoom ki apwopriye, swiv orè abityèl elèv la. Pa gen pakèt manje. Biling yo fèmèn. Se sèlman pèsònèl ki deziyen kom esansyèl yo ki dwe rapòte jan sipèvizè a mande sa. Lòt anplwaye yo ka travay adistans.

## Pa gen Lekol

Akòz de move tan oswa lòt sikonstans nan kominote nou an, jodi a se yon jou kote tout lekòl leta Distri Wicomico konplètman fèmèn. Pa gen enstriksyon vityèl, pa gen okenn sèvis pake repa, e pa gen travay aleka pou anplwaye yo. Sèlman pèsònèl esansyèl ki deziyen, jan sipèvizè a mande sa. Jou ki Pa gen lekòl sa a se yon jou ansèyman rate ke yo pral oblije fè.

## Le Mekredi Selman

### Enstriksyon Asenkronik, Biling yo Ouvri

Elèv yo gen enstriksyon asenkronik kòm dabitid epi yap swiv woutin ki etabli Mèkredi yo. Pa gen ti gwoup fas-a-fas. Pakèt manje ap disponib nan lekòl yo, ak biwo lekòl yo louvri. Anplwaye yo ap kòmanse travay a lè e kèk anplwaye ka travay adistans, avèk apwobasyon annavans nan men direktè lekòl la oswa sipèvizè a.

### Enstriksyon Asenkronik, Ofis Santral/Ofis Lekol yo Ouvri

Elèv yo ap gen enstriksyon asenkronik kòm dabitid epi swiv yo pral swiv woutin ki etabli Mèkredi yo. Pa gen ti gwoup moun fas-a-fas. Pa gen pakèt manje. Anplwaye enstriksyonèl yo ak lòt manm estaf yo ka travay adistans, avèk apwobasyon annavans direktè lekòl la oswa sipèvizè a. Lòt Biwo Santral ak anplwaye biwo lekòl la ta dwe rapòte nan travay si bon jan kondisyon pèmèt yo.

### Enstriksyon Asenkronik, Biling yo Femen

Elèv yo ap gen enstriksyon asenkronik kòm dabitid epi pou yo swiv woutin ki etabli Mèkredi yo. Pa gen ti gwoup moun fas-a-fas. Pa gen pakèt manje. Biling yo fèmèn. Se sèlman pèsònèl ki deziyen esansyèl yo ki dwe rapòte jan sipèvizè a mande sa. Lòt anplwaye yo ka travay adistans.

### Pa gen Lekol

Akòz de move tan oswa lòt sikonstans nan kominote nou an, tout lekòl leta Distri Wicomico Femen. Pa gen enstriksyon asenkronik e pa gen sèvis pake repa. Pa gen travay adistans pou anplwaye yo. Sistèm lekòl la fèmèn pou tout Moun eksepte moun ki deziyen kom pèsònèl esansyèl. Jou sa ki "Pa gen jou lekòl" sa se yon jou enstriksyon rate ke yo pral dwe fè.

**Lot Anons Sou Eitati Lekol yo -Pa gen Apre-Lekol oswa Aktivite Nannwit yo  
-Lekol Lage Bone (1, 2 oswa 3 edtan bone; detay yo varye)**

Anons estati lekòl yo disponib sou apèl/imèl SchoolMessenger, sit entènèt WCPS ([www.wcboe.org](http://www.wcboe.org)),  
Lekò Wicomico rezo sosyal yo (Facebook, Twitter, Instagram), ak medya lokal yo.